# 15 jen

**Se pou Bondye ki bay lapè a… fòme nou nan tout bon travay, dekwa pou nou ka fè volonte li. Se pou tout sa ki fè li plezi, li akonpli yo nan nou, gras ak Jezi Kris, li menm ki gen tout glwa pou letan e pou letènite. Amèn !** Ebre 13. 20, 21

## Akòdè a

M t ap gade akòdè pyano a ki t ap travay. Ak yon dwat nan men goch li, li frape touch yo youn apre lòt, tandiske ak men dwat la, l ap regle kle tansyon kòd yo. Li koute chak nòt yo ak bonjan atansyon. Li sere oubyen li lache, ak ti kou, jis lè son an ba li vrè nòt la de koreksyon apre koreksyon. Yon travay ki mande anpil pasyans, ki delika anpil e ki dwe egzat, sèl moun ki gen zòrèy ak men ki byen antrene kapab reyalize.

Pandan m ap gade l, mwen panse a Papa nou nan syèl la, zòrèy li kapte tout pawòl ak soupi pitit li yo. Konbyen move nòt, pawòl, aksyon, lide ki ka rann tris, pèfeksyon li pa ka tolere ! Mwen reflechi sou travay san rete diven Mèt nou an pou kapab fòme nou, korije nou, pou mete nou ann akò ak pwòp panse li yo, e mwen santi yon dezi pou mwen mande Senyè a pou nou kapab devni enstriman dosil nan men li, k ap bay son ki agreyab pou li : “Akòde lavi nou dapre direksyon Pawòl ou a ki sen epi dapre pouse Lespri ou a ! Ou rete anwo nou pa vre, ou menm, Senyè Jezi, ou menm ki toutan te fè kè Papa a kontan lè ou te sou latè. Men nou ta renmen ou jwenn nan pa ou yo kèk eko ki sot nan ou, yon melodi kote Bondye va jwenn kèk bote moral Pitit byenneme li a !”

# 15 juin

**Que le Dieu de paix… vous rende accomplis en toute bonne œuvre pour faire sa volonté, produisant en vous ce qui est agréable devant lui, par Jésus Christ. À lui soit la gloire aux siècles des siècles !**
Hébreux 13. 20, 21

## L'accordeur

Je regarde travailler l'accordeur de piano. D'un doigt de la main gauche, il frappe successivement les touches, tandis que la droite manie la clé pour régler la tension des cordes. Il écoute chaque note avec une attention soutenue. Il resserre ou desserre, par petits coups, jusqu'à ce que, de rectification en rectification, le son donne la note juste. Travail patient, de délicatesse et d'exactitude, que seules peuvent effectuer une ouïe et une main exercées.

En le regardant, je pense à notre Père céleste dont l'oreille capte tous les propos et les soupirs de ses enfants. Que de fausses notes, de paroles, d'actions, de pensées susceptibles de l'attrister, intolérables pour sa perfection ! Je pense au travail continuel de notre divin Maître pour nous former, nous corriger, nous mettre au diapason de ses propres pensées, et je suis poussé à demander au Seigneur qu'entre ses mains nous devenions des instruments dociles, rendant des sons agréables pour lui : “Accorde nos vies aux directions de ta sainte Parole et aux impulsions de ton Esprit ! Fais vibrer notre cœur pour raconter ta louange, mets en nous ta divine harmonie ! Tu restes bien au-dessus de nous, toi, Seigneur Jésus, toi qui fis sur la terre le constant délice du Père. Mais nous aimerions que tu puisses tirer des tiens quelques échos de toi-même, une mélodie dans laquelle Dieu reconnaisse quelques-unes des beautés morales de son Fils bien-aimé !”

49443_BPC_Creol_Inhalt_06 Juni.indd 30 27.09.16 13:24